



Si Ujang jeung Monyet Soleh

A2 Kristiyana apriyani



Di hiji lembur nu asri, aya budak lalaki
ngaranna Ujang. Ujang resep pisan ulin di
leuweung gigireun imahna.



Dina hiji poe, Ujang keur ulin di leuweung,
manehna manggihan monyet leutik keur ceurik.
Monyet eta katangkep ku tali.



Ujang langsung nulungan monyet eta.
Manehna ngaleupaskeun talina kalawan ati-ati.
Monyet eta bungah pisan jeung ngahaturkeun
nuhun ka Ujang.



Ti harita, Ujang jeung monyet eta jadi babaturan dalit. Ujang ngaranan monyet eta Soleh.



Unggal poe, Ujang jeung Soleh ulin babarengan di leuweung. Maranehna ngajalajah tatangkalan, susukan, jeung rupa-rupa sasatoan.



Hiji waktu, aya hiji kajadian. Aya saurang pemburu datang ka leuweung pikeun moro sasatoan.



Ujang jeung Soleh ningali pemburu eta keur masangkeun jebakan. Maranehna sieun pisan sasatoan di leuweung bakal cilaka.



Ujang jeung Soleh mikirkeun cara pikeun ngeureunkeun pemburu eta. Maranehna nyieun rencana nu pinter.



Ujang ngaganggu pemburu eta ku sora-soraan. Soleh nulungan ku cara nyumputkeun jebakan-jebakan nu dipasang ku pemburu.



Ahirna, pemburu eta ambek jeung nyerah. Manehna balik deui ka imahna tanpa hasil nanaon. Ujang jeung Soleh bungah pisan geus bisa nyalametkeun sasatoan di leuweung.